



ENFÒMASYON DEBAZ

Ankou apati jen 2012

Divizyon Salè ak Lè (WHD: Wage and Hour Division) Depatman Travay Ameriken an responsab pou jere epi fè aplike lwa ki tabli estanda minimòm ki akseptab ni pou salè ni pou kondisyon travay nan peyi sa a, san konsiderasyon sou estati imigrasyon.

LWA ESTANDA POU TRAVAY EKITAB



Lwa Estanda pou Travay Ekitab (FLSA: Fair Labor Standards Act) afekte plis travay prive ak piblik. FLSA egzije konpayi travay yo peye anlwaye ki kouvri e ki pa dispanse, omwen salè minimòm federal la ak pèman sipleman tè pou tout lè travay ki depase 40 è nan yon semèn travay.

Yo dwe peye anlwaye ki kouvri tout lè yo travay nan yon semèn travay. An jeneral, lè travay ki konpansab yo genyen ladan yo, tout lè yon anlwaye ap travay oswa nan yon plas travay egzak epi nenpòt lè ke yo tolere oubyen pèmèt yon an-

plwaye travay. Jeneralman, sa ta dwe enkli travay ki fèt lakay, tan li pran pou vwayaj, tan li pran pou tann, fòmasyon ak peryòd pwobasyon.

- Salè Minimòm Federal: \$7,25 pa è valid depi 24 jiyè 2009.
- Yo ka peye anlwaye ki touche poubwa \$2.13 pa è, men si poubwa plis salè likid anlwaye a pa egal avèk salè minimòm la, konpayi travay la dwe peye diferans lan.
- Lè sipleman tè apre 40 è nan yon semèn = 1 ½ fwa tarif pèman regilye anlwaye a.

TRAVAY TIMOUN



FLSA règleman te travay jèn moun tou. Travay Jèn Moun Ka Fè:


- 13 an oswa pi piti: gade timoun, livre journal, oubyen travay kòm aktè oswa pèfòmè.
- 14-15 an: yo otorize yo nan etablisman tankou travay biwo, makèt, magazen, restoran, sinema ak pak amizman.
- 16-17 an: nenpòt travay ke yo pa declare yon danje.
- 18 an: pa gen restriksyon.

Lè Jèn Moun 14 ak 15 an Ka Travay:

- Apre 7 è nan maten epi jiska 7 è nan aswè (Yo pwolonje lè yo jiska 9 è nan aswè 1e jen -Fèt Travay)
- Jiska 3 è, ikonpri vandredi ladan nan yon jou lekòl
- Jiska 18 è nan yon semèn lekòl
- Jiska 8 è nan yon jou ki pa jou lekòl
- Jiska 40 è Nan yon semèn ki pa semèn lekòl

Remak: Gen diferan règleman ki aplike pou jèn moun k ap travay nan agrikilti. Eta yo kontwole tou lè jèn moun ki pako gen 18 an ka travay. Pou jwenn plis enfòmasyon sou règleman federal ak règleman eta yo, antre sou www.youthrules.dol.gov.

LWA SOU KONJE MEDIKAL AK FANMI



Lwa sou Konje Medikal ak Fanmi (FMLA: Family Medical and Leave Act) konsène anlwaye ki angaje 50 oswa plis anlwaye, ajans piblik, ak lekòl primè epi segondè. Anlwaye elijib yo gen dwa pran konje ki pa peye e kote anlwa anlwaye pwoteje avèk kontinyasyon kouvèti asirans sante an gwoup pou pa plis pase 12 semèn travay sou yon peryòd 12 mwa pou:

- nesans ak swen yon timoun ki fenk fèt;
- plasman ak swen yon timoun nan

adopsyon oswa fanmi akèy;

- pou maladi grav anlwaye a, oswa madanm oubyen mari li, pitit li ak fanmi anlwaye a;
- pou egzijans kalifikatif ki rezilta sèvis yon manm militè ki asire.

Epi konje pou 26 semèn travay pandan yon sèl peryòd 12 mwa pou pran swen pou yon manm sèvis ki asire e ki genyen yon maladi oubyen ki blese grav.

LWA SOU PWOTEKSYON TRAVAYÈ AGRIKÒL MIGRAN EPI TANPORÈ



Lwa Sou Pwoteksyon Travayè Agrikòl Migran epi Tanporè a (MSPA: Migrant and Seasonal Agricultural Worker Protection Act) egzije travayè endepandan nan fèm, amplyayè agrikòl, ak asosyasyon agrikòl ki "anlwaye" travayè pou yo:

- Peye travayè yo salè yo dwe nan lè yo dwe l la.

- Konfòme a estanda sekirite ak sante leta epi federal si yo bay travayè migran yo lojman.
- Asire ke veyikil yap itilize pou transpòte travayè yo asire kòrèkteman, ap kondwi pa chofè ki gen lisans epi ki reponn a estanda sekirite leta epi federal.
- Bay kontra alekri sou tè ak kondisyon travay la.